

## KONSILTAN POLITIK K AP TRAVAY NI POU KANDIDA NI POU DEPANSYE ENDEPANDAN YO

Konsiltan politik yo<sup>1</sup> dwe pran konsyans de posibilite ki genyen pou gen vyolasyon finansman kanpay ki ka rive bò kote yo ak bò kote kliyan yo lè yo chwazi travay alafwa pou kandida yo ak depansye endepandan yo.

Travay pou tou de kliyan yo kapab koze vyolasyon lalwa epi rive fè kandida yo, depansye endepandan yo ak konsiltan yo vyole règ yo. Endikasyon sa yo bay konsiltan yo enfòmasyon sou ki moman travay sa y ap fè a ka bay ni kliyan yo pwoblèm ni yo menm pwoblèm.



**Kandida ak depansye endepandan yo** dwe analize endikasyon sa yo epi konfime si tout konsiltan k ap travay ak yo pran mezi nesèsè pou evite vyolasyon finansman kanpay ki akòz yon aktivite ki non-endepandan.

### Poukisa travay pou de tip kliyan yo se yon pwoblèm?

Vil New York la gen règ espesifik sou depans endepandan yo. Pou yon depans endepandan toutbon de kanpay yon kandida, kandida sa a ak depansye endepandan an pa kapab dirije aktivite y ap fè yo. Lè yon konsiltan ap travay alafwa pou yon kandida ak yon depansye endepandan, aktivite depansye yo kapab konsidere tankou aktivite ki pa endepandan lè sa a tout depans sa yo ap vin tankou kontribisyon gratis kandida a fè. Nan ka sa yo, doub wòl konsiltan an tou kreye kowòdinasyon an. Yon kowòdinasyon ki pa deklare kapab okazyone penalite lè ta gen yon deklarasyon ki pa koresponn ak/oubyen yon fo deklarasyon, sa ki ka debouche tou sou yon kantite depans ki pi wo pase limit la ou kanpay la. Si yo konsidere konsiltan an tankou yon ajan kanpay la oubyen yon depansye endepandan, komisyon an kapab deklare li responsab yon pati oubyen tout penalite yo.

### Kisa règ la di?

Daprè endikasyon espesifik sa yo, Règ 6-04(a)(vii) ak (viii) fè konnen CFB kapab konsidere faktè sa yo pou detèmine si yon depans endepandan:

*(vii) si kandida a, yon biwo piblik oubyen prive oswa yon antite kandida a ap dirije, nenpòt ajans gouvènmanal, divizyon oswa biwo te jwenn sèvis pwofesyonèl moun sa a k ap fè depans yo, oubyen yon manm prensipal oswa yon anplwaye pwofesyonèl oubyen direksyon antite k ap depanse a nan menm peryod elektoral la kote yo fè depans lan; epi*

*(viii) si kandida a ak moun nan oswa antite ki fè depans lan te konsilte oswa kominike yon lòt fason ak menm antite, si kandida sa a te konnen oubyen te dwe konnen kominikasyon oswa relasyon sa kandida a genyen ak antite sa anonse oswa okazyone depans nan avantaj kandida a.*

<sup>1</sup> Daprè endikasyon yo, yon "konsiltan" tou se yon moun oswa yon antite ki mete sou pye, k ap dirije oswa kontwole yon òganis konsiltasyon kote se moun sa a oswa antite sa a k ap dirije chak antite sa yo.

## Ki sitiyasyon anpil fwa ki konn debouche sou yon detèminasyon ki pa endepandan?

Sitiyasyon sa yo prèske toujou debouche sou detèminasyon non-endepandan nenpòt jan konsiltan yo ta eseye evite sa oswa nenpòt sistèm pwoteksyon yo ta mete sou pye:

1. **Konsiltan endividyèl**—Lè yon konsiltan endividyèl ap travay pou yon kandida ak yon depansye endepandan, sa rive souvan pou travay l ap fè pou depansye a enfluyans travay l ap fè pou kandida a, se pou sa tout depans konsiltan endividyèl yon depansye endepandan fè pou youn nan kandida l yo oswa pou bloke youn nan advèsè kandida l yo, tout se depans non-endepandan.
2. **Òganizasyon ki gen yon objektif elektoral prensipal**—Lè yon konsiltan ap travay ni pou yon kandida ni pou yon depansye endepandan an menm tan (kote youn nan prensipal objektif li yo se pou fè avanse nominasyon oswa eleksyon kandida sa a epi/oubyen pou fè echwe nominasyon oswa eleksyon youn oubyen plizyè lòt kandida ki anfas kandida pa l la), depans depansye endepandan an gen pou l fè yo ap konsidere tankou depans ki non-endepandan. Sa konsène komite politik ki gen plizyè kandida yo tou.
3. **Ajan doub**— Lè CFB detèmine yon konsiltan ki alafwa yon ajan yon kandida epi yon depansye endepandan, ap tou gen yon detèminasyon ki deklare non-endepandans li. Sa gen ladan:
  - \* Pifò nan relasyon konsiltan jeneral ak estratejik yo, epi tou lè 50% oswa plis nan depans total yon kandida oswa yon depansye endepandan rete pou konsiltan an.
  - \* Lè konsiltan an ap aji nan non kliyan an, tankou pou l ede nan tranzaksyon komèsyal oswa negosiyasyon sou yon baz regilye.

## Si sitiyasyon sa yo pa aplike, kòman konsiltan yo kapab pwoteje operasyon yo ak kliyan yo kont yon kowòdinasyon ilegal?

Konsiltan k ap travay pou de tip kliyan yo kapab mete sou pye yon sistèm pwoteksyon kote y ap angaje oubyen separe anplwaye yo nan de (2) gwoup diferan: (1) anplwaye k ap travay sèlman sou kesyon ki gen rapò ak kandida yo ("Anplwaye-Kandida"); epi (2) anplwaye k ap travay sèlman sou aktivite depansye endepandan yo ("Anplwaye-IE").

## Kòman yon konsiltan ta dwe separe pèsònèl k ap travay sou kandida yo ak sa k ap travay sou kont depansye endepandan yo?

Konsiltan yo dwe kreye yon politik ki entèdi kominikasyon ant Anplwaye-Kandida yo ak Anplwaye-IE yo sou plan, estrateji, pwojè, aktivite, bezwen, resous oswa nenpòt lòt enfòmasyon sou kliyan an ki pa piblik.

**NÒT:** Yon anplwaye endividyèl ki se yon sipèvizè tou pa kapab ni travay ni sipèvizè alafwa kont kandida ak kont IE yo.

*Pa gen pyès anplwaye yon konsiltan pa ta dwe travay sou kont toulede tip kliyan yo pandan yon lane avan yon eleksyon primè owa general, oubyen pandan twa (3) mwa avan yon eleksyon espesyal.*



### ALÈT KONFÒMITE

Si yonsèl moun **genyen, dirije oswa jere yon komisyon oswa yon òganizasyon**, moun sa ta dwe chwazi pou li sipèvizè oubyen travay anplwaye-kandida yo oubyen travay anplwaye-IE yo sèlman, pandan yon lane avan eleksyon primè oswa general yo, oubyen twa mwa avan yon eleksyon espesyal.

## Ki garanti anplis ki ta dwe genyen?

Politik ekri yo ta dwe fè konnen tip anplwaye sa yo kapab travay sèlman sou kont kandida yo:

1. Manm nan fanmi pwòch kandida a ki se yon kliyan.
2. Anplwaye dènye patwon yo oswa sipèvizè yo te yon kandida ki se yon kliyan.
3. Anplwaye ki te bay sèvis pwofesyonèl yo nan kanpay yon kandida ki se yon kliyan, oubyen ki t ap travay nan yon pòs siperyè oswa yon pòs konsiltatif nan kanpay yon kandida ki se yon kliyan (yon lane aprè li t ap travay pou konsiltan an).

Tip anplwaye sa yo ta dwe travay sèlman sou kont depansye endepandan:

1. Manm fanmi pwòch yon depansye endepandan endividyèl oubyen yon moun ki genyen/kontwole yon depansye endepandan ki se yon kliyan.
2. Anplwaye dènye patwon l oswa sipèvizè l yo te yon depansye endepandan ki se yon kliyan.
3. Anplwaye ki te bay yon depansye endepandan ki se yon kliyan sèvis pwofesyonèl yo, oubyen ki t ap travay nan yon pòs siperyè oswa yon pòs konsiltatif pou yon depansye endepandan ki se yon kliyan (yon lane aprè li t ap travay pou konsiltan an).

Jan li di sa nan [Avi Konsiltatif CFB a 2009-7](#) "pou detèmine si yon depans patikilye depandan oubyen non-endepandan fòk ou toujou al gade sitiyasyon espesifik yo." CBF ap analize kontèks aktivite a ak sikonstans patikilye yo pou li pran yon desizyon final, li konseye pou konsiltan, kandida, ak depansye endepandan yo konsilte CFB dirèkteman si yo gen kesyon.



### KONTAKTE NOU

Kandida yo kapab kontakte inite sèvis kandida yo nan (212) 409-1800 oswa [CandidateServices@nyccfb.info](mailto:CandidateServices@nyccfb.info). Konsiltan ak depansye endepandan yo kapab kontakte inite espesyal konfòmite a nan (212) 409-1800 oswa [Email@nyccfb.info](mailto:Email@nyccfb.info).